
VAWA ak lòt opsyon pou sivivan vyolans domestik yo

Pa: Enstiti pou Refòm Lwa nan Massachusetts

Revize: Mas 2025

Si ou se yon sivivan vyolans domestik, ou gen dwa pou w rete san danje. Ou genyen dwa sa a kèlkeswa estati legal ou Ozetazini. Ou kapab anmezi tou pou chanje estati imigrasyon w pou jwenn yon estati legal.

Remak: Lwa sou imigrasyon yo kapab konplike. Li enpòtan pou pale ak yon bon avoka imigrasyon pou w konnen ki opsyon ou genyen pou chanje estati legal ou. Gade lis referans pou èd imigrasyon nou an:

<https://www.masslegalhelp.org/immigration/know-your-rights/immigration-help-referral-list>.

Èske mwen ka rele lapolis oswa mande yon òdonans restriktif si mwen pa gen estati legal Ozetazini?

Wi. Ou kapab enkyete w paske w pa genyen dwa pou rele lapolis si y ap abize w, men se pa laverite.

"Vyolans domestik" fè referans a plizyè kalite abi yon manm fanmi, yon manm nan kay la, oswa yon patnè entim komèt kont yon lòt manm fanmi, yon manm nan kay la, oswa yon patnè entim. Gade <https://www.masslegalhelp.org/dv-get-help>.

Lè ou kontakte lapolis pou vyolans domestik, devwa yo se pwoteje w kont moun ki abize w la. Yo pa sipoze rele ICE pou di yo ou Ozetazini san estati legal.

Si ou pè agresè w la oswa ou panse yo kapab fè w mal, ou ka ale nan tribinal la oswa lapolis pou mande pwoteksyon. Ou ka mande yon òdonans restriktif. Aprann plis sou Òdonans Restriktif 209 yo nan <https://www.masslegalhelp.org/209a-overview> (atik an Anglè).

Èske mwen ka jwenn estati legal atravè VAWA si manm fanmi k ap agrese m nan se yon sitwayen ameriken oswa yon moun ki gen kat vèt?

Wi. Si ou marye ak, ou se pitit yon moun, oswa paran moun k ap abize w la, ou ka jwenn yon estati legal atravè **Lwa sou Vyolans Kont Fanm (VAWA)**. Yo te kreye VAWA pou pwoteje sivivan vyolans domestik yo. Li bay pwoteksyon espesifik pou moun ki pa gen estati legal Ozetazini. Epitou VAWA pwoteje gason, timoun ak paran ki se sivivan vyolans domestik.

Dapre lalwa, sitwayen ameriken yo ak rezidan pèmanan legal yo ("moun ki gen kat vèt") ka fè yon petisyon pou konjwen yo, pitit yo ak paran yo jwenn yon estati legal.

Men agresè yo souvan:

- refize ede w aplike pou estati imigrasyon,
- ka pwomèt pou aplike pou ou, men pa janm ede w, oswa
- ka menase pou kontakte imigrasyon epi denonse w.

VAWA ede sivivan vyolans domestik yo pandan y ap li kite yo mande pwòp estati legal yo san èd oswa konesans agresè a.

Ki jan mwen ka fè yon petisyon pou jwenn estati legal atravè VAWA?

Si ou se yon sivivan vyolans domestik epi agresè w la se yon sitwayen oswa yon rezidan pèmanan legal ("moun ki gen kat vèt"), ou ka aplike pandan w ap itilize **fòmilè I-360 lan, Petisyon pou Ameriken-Azyatik, Vèv, oswa Imigran Espesyal**: <https://www.uscis.gov/i-360>. Ou bezwen mete prèv tou pou pwouve ke ou satisfè egzijans VAWA yo. Kontakte yon avoka imigrasyon si ou vle fè yon petisyon pèsònèl selon lwa VAWA yo. Gade lis referans pou èd imigrasyon nou an: <https://www.masslegalhelp.org/immigration/know-your-rights/immigration-help-referral-list>.

Ki egzijans ki genyen pou VAWA yo?

Si ou te sibi abi nan men **konjwen** ou an, ou ka fè yon petisyon pèsònèl pou estati si:

1. Ou marye legalman ak yon agresè ki se sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan, **oswa** ou te kwè ou te legalman marye ak konjwen ou ki se sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan abizif la, men maryaj la te detèmine ilegal.
2. Ou te sibi abi fizik oswa mekanste ekstrèm nan men konjwen ou an ki se yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan **oswa** timoun ou an te sibi abi fizik oswa

mechanste ekstrèm nan men konjwen ou an ki se yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan.

3. Ou te marye "ak bon volonte w". Sa vle di ou pa te marye sèlman pou benefis imigrasyon.
4. Ou te viv ak konjwen w.
5. Ou se yon moun ki gen "bon karaktè moral". Sa souvan vle di yon moun ki pa vyole okenn lwa Ozetazini oswa ki pa te komèt okenn krim grav.

Si ou te sibi abi nan men **paran** w, ou ka fè yon petisyon pèsònèl pou estati si:

1. Ou pitit yon agresè ki se sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan,
2. Ou te sibi abi fizik oswa mekanste ekstrèm nan men paran w ki se sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan,
3. Ou t ap viv ak paran abizif ou an, epi
4. Ou se yon moun ki gen "bon karaktè moral". Sa souvan vle di yon moun ki pa vyole okenn lwa Ozetazini oswa ki pa te komèt okenn krim grav. Imigrasyon sipoze ke yon timoun ki poko gen 14 lane gen bon karaktè moral.

Si ou te sibi abi nan men **timoun** ou, ou ka fè yon petisyon pèsònèl pou estati si:

1. Ou se paran yon pitit gason oswa yon pitit fi ki se sitwayen ameriken ki gen omwen 21 lane lè w ap depoze petisyon pèsònèl la,
2. Ou te sibi abi fizik oswa mekanste ekstrèm nan men pitit gason oswa pitit fi w la ki se yon sitwayen ameriken,
3. Ou te viv ak pitit gason oswa pitit fi abizif la, epi
4. Ou se yon moun ki gen "bon karaktè moral". Sa souvan vle di yon moun ki pa vyole okenn lwa Ozetazini oswa ki pa te komèt okenn krim grav.

Ki kalite prèv mwen bezwen?

Li kapab konplike pou rasanble prèv ou bezwen yo. Eseye jwenn otan nan bagay sa yo ou kapab, san w pa mete tèt ou ni lòt moun an danje:

- Sètifika maryaj ou – si w ap depoze yon petisyon sou baz yon konjwen abizif
- Sètifika nesans – si w ap fè yon depozisyon sou baz yon paran oswa yon timoun abizif
- Prèv ki montre ou menm ak agresè w la ap viv ansanm. Kèk bagay tankou:
 - sètifika nesans timoun yo

-
- fakti
 - kontra lwaye
 - foto fanmi
 - deklarasyon fiskal, elatriye
- Prè v ki montre ou te gen yon vrè maryaj, pa sèlman pou yon kat vèt. Kèk bagay tankou foto, kat, deklarasyon de zanmi oswa fanmi, elatriye.
 - Prè v abi a. Sa kapab kèk bagay tankou:
 - òdonans restriktif oswa òdonans pou pwoteksyon sivil
 - rapò lapolis
 - dosye medikal yo
 - dosye kriminel agresè a
 - yon lèt de yon Sant Kriz pou Vyolans Domestik
 - dosye sèvis counseling
 - foto domaj oswa ekimoz
 - deklarasyon sou sèmen temwen yo ki dekri abi a, oswa
 - deklarasyon sou sèman lòt moun ki ka konnen abi a
 - Prè v "bon karaktè moral." Tankou prè v ki montre ou pa gen dosye kriminel, yon lèt de enstitisyon relijye w la, oswa prè v patisipasyon w nan kominote a,
 - Ou **dwe** bay yon deklarasyon alekri ki dekri relasyon w ak agresè a.

E si agresè m nan te mouri, te pèdi estati legal li, oswa mwen divòse?

- Si agresè w la te mouri, ou kapab toujou fè petisyon pèsone l pou estati legal la nan lespas 2 lane apre lanmò li a.
- Si ou divòse, ou ka toujou depoze yon petisyon pèsone l nan lespas 2 lane apre divòs la te finalize a.
- Si agresè ou an te pèdi pwòp estati li akòz vyolans domestik, ou ka toujou soumèt yon petisyon pèsone l nan lespas 2 lane apre li te pèdi estati li a.

E si m nan tribinal imigrasyon?

Ou ka toujou aplike pou VAWA oswa aplike pou yon lòt tip soulajman yo rele "anilasyon ekspilsyon" si w nan tribinal imigrasyon. Ou ka jwenn anilasyon ekspilsyon an menm si ou divòse ak konjwen abizif la lè w ap aplike a. Pou kalifye pou anilasyon ekspilsyon, ou dwe soumèt tou **Fòmilè EOIR-42b**: <https://www.justice.gov/eoir/page/file/904291/dl?inline>. Ou kapab vle soumèt tou yon petisyon pèsònèl **regilye**: <https://www.uscis.gov/i-360>. Ou bezwen montre ke ou Ozetazini pandan omwen 3 lane san w deplase.

Kisa k ap pase si m ranpòte dosye VAWA mwen an?

Si ou ranpòte dosye VAWA ou a, y ap ba w "aksyon defere" ak yon kat otorizasyon travay. "Aksyon difere" pèmèt ou rete legalman Ozetazini epi ou ka travay legalman. Ou ka elijib tou pou aplike pou rezidans pèmanan legal (kat vèt) sou baz VAWA. Si ou ka aplike ak ki lè ou ka aplike a depann de anpil faktè. Sa depann de bagay tankou istwa imigrasyon w, antesedan kriminel ou, ak sitiyasyon agresè w la (moun ki gen kat vèt oswa sitwayen ameriken).

Si mwen gen yon kat vèt sou kondisyon oswa tanporè, èske mwen ka toujou fè yon petisyon pèsònèl atravè VAWA?

Si ou gen yon kat vèt sou kondisyon (valid pou 2 lane) men konjwen ou an abizif, ou dwe depoze yon lòt petisyon. Ou depoze **I-751, Petisyon pou Retire Kondisyon sou Rezidans**: <https://www.uscis.gov/i-751>. Sa se yon aplikasyon pou yon kat vèt pèmanan. Yon kat vèt pèmanan valab pou 10 lane. Nòmalman, ou depoze yon petisyon ak konjwen w. Men, ou ka fè depozisyon an poukont ou epi eksplike ke konjwen ou an abizif. Ou dwe soumèt menm tip prèv ki endike anwo a pou petisyon VAWA a (I-360).

E si agresè mwen an pa yon sitwayen ameriken ni yon rezidan pèmanan legal oswa si mwen pa te janm marye ak agresè a?

Menm si agresè w pa yon sitwayen ameriken ni yon rezidan pèmanan, kapab genyen lòt fason pou jwenn pwoteksyon atravè estati legal. Pa egzanp, yon **Viza U** kapab yon fason pou jwenn estati legal si:

- ou te viktim yon krim epi
- ou te itil, oswa ou gen volonte pou itil nan ankèt oswa pou pouswit krim sa a.

Nan yon sitiyasyon vyolans domestik, ou ka elijib pou yon viza U si:

- ou te kontakte lapolis
- yo te arete agresè w la
- ou te ede biwo avoka distri a
- Ou te temwanyen nan tribinal kont agresè w la, **oswa**

- te ede nan yon lòt fason.

Pale ak yon avoka imigrasyon epi mande enfòmasyon sou Viza U a. Aprann plis sou <https://www.masslegalhelp.org/domestic-abuse-crime-victims/dv-abuse-immigration/u-visas-victims-crime>.

Plis Resous

Ki moun pou rele pou jwenn èd pou vyolans domestik

Rele 911 si w an danje kounye a.

Si ou pa an danje imedya, ou ka kontakte:

- [Liy Asistans SafeLink sou Vyolans Domestik](#) nan 1-877-785-2020 (24/7, nan plizyè lang)
- [Liy Asistans Nasyonal sou Vyolans Domestik](#) nan 1-800-799-SAFE (7233), voye "START" pa mesaj tèks nan 88788 oswa [tchat sou entènèt](#) nan <https://www.thehotline.org/get-help/>

Gade yon [lis Jane Doe pou pwogram sou vyolans domestik Massachusetts la](#) (https://www.janedoe.org/find_help/) ak [resous tribinal la pou sekirite ak sipò](#) (<https://www.mass.gov/lists/court-resources-for-safety-and-support>).

Gade yon [lis Jane Dow pou pwogram sou vyolans domestik Massachusetts la](#) ak [resous tribinal yo pou sekirite ak sipò](#).

Konsènan MassLegalHelp

[MassLegalHelp.org](https://www.masslegalhelp.org) se yon sit entènèt ki gen enfòmasyon gratis epi pratik sou dwa legal ou yo nan Massachusetts. Se pwogram asistans legal, avoka, ak patnè kominotè nou yo ki ekri epi revize enfòmasyon nou yo.